



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 15/8/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE DÈNYE SERI ENSPEKSYON RAY TREN YO

Yo te Jwenn epi Korije Domaj nan Pis Ray Tren yo nan Tout Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia achèyman avèk siksè yon lòt seri enspeksyon nan ray tren ki te sible yo ki gen entansyon pou amelyore sekirite piblik epi redwi danje posib ki asosye avèk transpò petwòl bri nan Eta New York. Ekip enspeksyon yo te egzamine anviwon 403,94 kilomèt pis ak 91 switch. Anjeneral, ekip eta ak federal yo te dekouvri epi korije twa domaj grav ak 24 domaj ki pa grav.

Gouvènè Cuomo te di: “Enspeksyon pis ray tren vijilan yo enpòtan anpil pou kenbe kominote nou yo an sekirite atravè New York. Orè enspeksyon solid nou yo pèmèt nou detekte epi korije domaj yo rapidman pou pwoteje byennèt sa yo k ap viv epi ap travay toupre pis tren yo.”

Ekip enspeksyon ki soti nan Ministè Transpò Eta New York ak Administrasyon Chemennfè Federal la te egzamine pis vwa prensipal CSX la ant Chili (Konte Monroe) ak Macedon (Konte Wayne); ant Weedsport (Konte Cayuga) ak Lyons (Konte Wayne); ant Chili ak Alden (Konte Erie), ant Fonda (Konte Montgomery) ak Rome (Konte Oneida); ant Westfield (Konte Chautauqua) ak Silver Creek (Konte Chautauqua); epi ant Catskill (Konte Greene) ak Kingston (Konte Ulster).

Yo te egzamine pis vwa prensipal Canadian Pacific posede a, ant Albany (Konte Albany) ak Watervliet (Konte Albany); ant Willsboro (Konte Essex) ak Rouses Point (Konte Clinton); epi nan Kenwood Yard nan Albany.

Enspeksyon yo te konsantre sou pis ak sou ekipman pis yo. Byenke trafik petwòl bri a bese anpil depi monte 2014 yo, enspektè eta ak enspektè federal yo rete vijilan, lè yo egzamine pis, etablisman ak inite tren petwòl bri yo regilyèman.

Pandan enspeksyon yo, yo te idantifye de kalite domaj: domaj grav ak sa ki pa grav. Domaj grav yo te idantifye yo se gwo pwoblèm antretyen ki dwe rezoud san pèdi tan, men ki pa nesèsman vle di gen fay nan sekirite a. Tout domaj ki pa twò grav yo dwe repare nan lespas 30 jou.

Delege Ministè Transpò New York la Matthew J. Driscoll, te di: “Eta New York se yon lidè nan sekirite ray tren, an gran pati gras ak pwogram enspeksyon regilye san rete nou yo. N ap kontinye travay ak patnè federal nou yo pou favorize misyon Gouvènè

Cuomo a pou amelyore sekirite transpò petwòl bri volatil atravè Eta New York.”

Depi lè Gouvènè Cuomo te lanse kanpay enspeksyon sible sa a nan mwa fevriye 2014, Ministè Transpò ak patnè federal li yo te enspekte 13,011 ray tren, ki genyen ladan 11,003 kamyon sitèn petwòl bri ak 7871,3 kilomèt pis pou tren, yo te jwenn 1,695 domaj, epi yo te bay 20 vyolasyon pou materyèl danjere.

Rezilta Enspeksyon Pis Tren yo:

- Enspeksyon Pis Vwa Prensipal CSX – Chili rive Macedon – Enspektè wout transpò yo te ekzamine 72 kilomèt wout ak 7 entèripte ki sou tout otowout prensipal CSX la ki ant Chili ak Macedon. Yo te jwenn yon domaj grav – ki genyen yon pati nan band woulman yon aparèy tranzisyon yon swich ki dekale – ki te egzije yon rediksyon tanporè nan vitès. Yo te jwenn tou yon domaj ki pa grav, akòz yo pat reyalize soudi nan ray la atan.
- Enspeksyon Pis Vwa Prensipal CSX – Weedsport rive Lyons – Enspektè pis Administrasyon Chemennfè Federal yo te egzamine apeprè 42 kilomèt wout tren ak sèt switch sou tout liy prensipal CSX la ant Weedsport ak Lyons. Yo te jwenn sis domaj ki pa grav ki enkli boulon ki manke, vis reglab ray ki manke ak boulon ki desere nan yon aparèy tranzisyon switch la.
- Enspeksyon Pis Vwa Prensipal CSX – Chili rive Alden – Enspetè Ministè Transpò yo te egzamine apeprè 66 kilomèt wout tren ak 24 switch sout tout liy prensipal CSX la ant Chili ak Alden. Yo te jwenn kat domaj ki pa grav ki enkli boulon gad ray la ki desere, atach ki pa sifizan nan yon segman pis la ak yon boulon ki manke nan yon aparèy tranzisyon yon switch.
- Enspeksyon Pis Vwa Prensipal CSX – Fonda rive Rome – Enspetè Ministè Transpò yo te egzamine apeprè 100 kilomèt pis ak uit switch sout tout liy prensipal CSX la ant Fonda ak Rome. Yo te jwenn yon domaj ki pa grav, yon boulon ki manke nan yon aparèy tranzisyon yon switch.
- Enspeksyon Pis Vwa Prensipal CSX – Westfield rive Silver Creek – Enspektè pis Administrasyon Chemennfè Federal yo te egzamine apeprè 5 kilomèt pis ak 17 switch sou tout liy prensipal CSX la ant Westfield ak Silver Creek. Yo pa t idantifye okenn domaj.
- Enspeksyon Pis Vwa Prensipal CSX – Catskill rive Kingston – Enspektè pis Depatman Transpò yo te egzamine apeprè 27 kilomèt pis ak sis switch sou tout liy prensipal CSX la ant Catskill ak Kingston. Yo te jwenn de domaj grav, ki se yon atach ki te sitiye nan fason ki pa byen ke yo te repare imedyatman. Yo te jwenn tou twa domaj ki pa grav, ki enkli boulon ki desere nan yon aparèy tranzisyon yon switch, agraf ajistab ray ki desere nan yon switch ak pyeray la ki sal.
- Enspeksyon Pis Vwa Prensipal CP – Albany rive Watervliet – Enspektè pis Ministè Transpò yo te egzamine apeprè 10 kilomèt pis ak kat switch sou tout pis liy prensipal Canadian Pacific la ant Albany ak Watervliet, ansanm ak yon 1,6 kilomèt pisak 13 switch nan Kenwood Yard, Canadian Pacific nan Albany. Yo te jwenn uit domaj ki pa grav, ki enkli boulon ray ki desere boulon ki desere nan yon aparèy tranzisyon yon switch, agraf ajistab ray ki desere nan yon switch ak blòk pye ray la ki pa an sekirite.

- Enspeksyon Liy Prensipal Pis CP – Willsboro rive Rouses Point – Enspektè pis Administrasyon Chemennfè Federal yo te egzamine apeprè 80 kilomèt pis ak senk switch sou tout pis liy prensipal la ant Willsboro ak Rouses Point. Yo te jwenn yon domaj ki pa grav ki enplike yon pwen switch nan Plattsburgh.

Aprè yon seri katastwòf ki te fèt andeyò eta a ki enplike transpò petwòl bri pa tren, Eta New York te pran yon seri mezi agresif pou l amelyore sekirite ak fyabilite nan sistèm nan.

Nan ane 2014, sou lidèchip Gouvènè Cuomo a, Ministè Konsèvasyon Anviwònman, Transpò ak Sante, ansanm ak Divizyon Sekirite Enteryè ak Sèvis Dijans ak Rechèch Enèji ak Otorite Devlopman an te fè yon revizyon ki koòdone sou pwosedi sekirite ak preparasyon pou entèkansyon nan ka dijans pou ekspedisyon petwòl bri. Ajans yo te pibliye yon rapò an Avril 2014 ki gen 27 rekòmandasyon pou gouvènman eta ak federal ak izin yo pran pou yo redwi risk yo epi ogmante sekirite piblik la nan transpòtasyon petwòl bri a.

Anplis, Kalandriye Opòtinite 2015 gouvènè Cuomo a ak Bidjè 2015-16 Eta New York la te gen ladann plizyè mezi pou anpeche epi prepare pou potansyèl ensidan petwòl brit yo. Mezi sa yo genyen ladan yo, finansman pou anplwaye moun ak fè depans preparasyon ki asosye yo lè yo ogmante plafon Fon pou Devèsman Petwòl brit la soti nan \$25 milyon rive \$40 milyon epi otorize jiska \$2.1 milyon nan Fon an chak ane k ap sèvi pou mezi prevansyon ak preparasyon yo. Chanjman sa yo respekte Dekrè Egzekitif 125 Gouvènè Cuomo a ki prezante etap eta a ap franchi pou amelyore repons ak prevansyon nan ka devèsman petwòl yo.

Bidjè eta a te prevwa uit nouvo anplwaye nan Depatman Pwoteksyon Anviwònman ak sis nan Biwo Pwoteksyon ak Kontwòl Dife ki la pou planifye, fòme ak fè entèkansyon nan ka devèsman petwòl. Bidjè a te ogmante tou frè pou petwòl k ap transpòte atravè New York rive 13.75 santim baril la soti 12.25 santim pou petwòl ki enpòte nan eta a, ak 1.5 santim pou petwòl ki transbòde, san konsiderasyon pou konnen si petwòl la rete nan New York oswa transfere nan yon lòt Eta. Itilizatè final nan eta a pral egzante anba ogmantasyon frè a epi pral rete nan 12.25 santim baril la.

Gouvènè Cuomo te pran inisyativ tou pou anplwaye senk nouvo enspektè sekirite tren Ministè Transpò a, ki te pèmèt Ministè Transpò ogmante kapasite l pou l reyalize enspeksyon sekirite tren atravè eta a.

Lòt aksyon eta yo genyen ladan:

- Egzije otorite federal yo revize espesifikasyon teknik yo prese prese epi akselere eliminasyon ansyen tren ki pa gen sekirite yo; aplike règ pi strik pou teste petwòl brit; epi revize itinerè petwòl brit la pou garanti wout ki pi apwopriye yo;
- Bay amand a konpayi ki pa konfòme yo anba règleman eta a konsènan derayman yo;

- Mande otorite federal yo ak selere epi ranfòse nivo sekirite tren yo epi ogmante enspeksyon yo;
- Ogmante Fon pou Devèsman Petwòl brit la soti nan \$25 milyon pou rive nan \$40 milyon epi pèmèt yo itilize jiska \$2.1 milyon nan Fon anyèl la pou mezi prevansyon ak preparasyon yo.

Otorite Repons Ijans ak eta yo te patisipe nan plis pase de douzèn egzèsis fòmasyon ane sa a pou yo pi byen prepare kominote nou yo pou potansyèl devèsman petwòl brit.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418